



**RANDEVOU EKZAMEN MEDIKAL POU NOUVO ADMISYON**

Non timoun lan: \_\_\_\_\_

Dat Nesans: \_\_\_\_\_

Lekòl: \_\_\_\_\_

Klas/Salklas: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Chè Paran/Responsab,

Biwo sante lekòl poko resevwa yon Fòm egzamen medikal pou timoun ak adilt (**Child & Adolescent health examination form, CH205**) pou pitit ou a. Kòd Depatman sante publik Vil Nouyòk (Atik 49.05) ak Règleman Chanselye Depatman edikasyon (A-701) mande pou tout elèv k ap antre lekòl leta pou premye fwa gen yon egzamen medikal konplè, pou yo remèt sou fòm CH205. **Nou ankouraje w anpil pou mande ajan sante pitit ou a ranpli fòm CH205 epi voye l tounen bay enfimyè lekòl la.** Ajan sante a kapab itilize rezulta li genyen pou dènye egzamen medikal konplè pitit ou a. Tanpri gade Kesyon yo poze souvan sou egzamen medikal pou nouveau admisyon yo (*New Admission Exam Frequently Asked Questions*) ki nan do paj sa a pou plis enfòmasyon sou egzijans sa a.

Piske nou pa resevwa fòm sa a, nou pwograme pou yon doktè Biwo sante lekòl wè pitit ou a \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_ a \_\_\_\_ : \_\_\_\_ am/pm nan Sal medikal # \_\_\_\_\_. **Si ajan sante pitit ou a te ranpli yon fòm CH205, tanpri remèt fòm lan ba enfimyè lekòl la imedyatman.** Y ap anile randevou a si w gentan remèt fòm CH205 ki ranpli a avan dat yo mete pou egaminasyon Biwo sante lekòl la.

Si yo pa konsilte pitit ou a nan dat sa a, epi ajan sante a toujou poko founi fòm lan, n ap mete yon randevou pou li pou pwochen sesyon an.

Si li posib, nou ta renmen ou vini nan randevou sa a. Si w pa ka vini nan lè nou mete a, tanpri rele enfimyè lekòl la nan \_\_\_\_\_. Enfimyè a gen dwa kapab mete randevou a nan yon lòt lè ou kapab vini. Si w pa ka vini, tanpri ba enfimyè lekòl la yon nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou pou doktè a ka rele w pandan egzaminasyon an.

Mèsi pou kolaborasyon w.

Avèk senserite,  
Cheryl Lawrence, MD  
Direktè medikal  
Biwo Sante nan lekòl

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Direktè



## EGZAMEN MEDIKAL POU NOUVO ADMISYON: KESYON MOUN POZE SOUVAN FREQUENTLY ASKED QUESTIONS (FAQ)

### **Kisa yon egzamen pou nouvo admisyon ye?**

Yon egzamen nouvo admisyon se yon egzamen medikal konplè pou tout elèv k ap antre nan lekòl leta Vil Nouyòk. Kòd sante lekòl leta Vil Nouyòk (Atik 49.05) ak Règleman Chanselye Depatman edikasyon (A-701) egzije pou elèv fè egzamen medikal sa a. **Egzamen sa a obligatwa.**

Egzamen an dwe gen bagay sa yo:

- Antesedan medikal
- Evalyasyon devlòpman
- Evalyasyon nitrisyon
- Pwa
- Wotè
- Endèks Mas Kò *Body Mass Index (BMI)*
- Tansyon
- Egzamen je
- Egzamen pou detèmine kapasite pou tande
- Egzamen dan

### **Kisa Fòm egzamen medikal pou timoun ak adilt (Child & Adolescent health examination form, CH205) a yo?**

Fòm CH205 lan se prèv ke timoun ki fèk antre nan sistèm lekòl la te fè egzamen medikal Fòm sa a:

- **Se yon doktè, enfimyè, enfimyè pratisyen, oswa asistan doktè ki gen lisans ki dwe ranpli li**
- **Yo pa dwe ranpli l pa plis pase 12 mwa avan timoun ap kòmanse lekòl**
- **Yo dwe voye l tounen ba enfimyè lekòl la**

Si pitit ou a gen mwens pase laj 5 ane nan moman li te fè egzamen medikal la, ou dwe voye yon lòt fòm CH205, aprè dat pitit ou a vin gen laj 5 ane a.

### **Kisa pou m fè si pitit mwen an pa gen yon ajan medikal pou ranpli fòm CH205 lan?**

Chak timoun nan eta Nouyòk kapab jwenn kouvèti asirans ak ajan medikal. Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou jwenn yon ajan medikal, oswa yon plan asirans sante, tanpri rele enfimyè lekòl la. **Biwo sante lekòl ankouraje seryezman pou jwenn yon ajan medikal pou pitit ou a epi pou pitit ou a tcheke ka doktè chak ane.** Ajan medikal pitit ou a dwe ranpli fòm CH205 lan avèk rezulta egzaminasyon medikal ki pi resan an.

Si Biwo sante lekòl pa resevwa yon fòm CH205 ki fin ranpli pou pitit ou a, y ap pwograme pitit ou a pou yon doktè Biwo sante lekòl egzamine l. Tanpri, konprann ke Biwo sante lekòl ap fè yon egzaminasyon medikal byen senp; egzamen sa a pa ranphase vizit doktè pitit ou a dwe fè chak ane.

Si yo pwograme pitit ou a pou wè yon doktè Biwo sante lekòl:

- Y ap fè egzaminasyon an nan sal medikal lekòl la. Yo ka itilize yon paravan pou bay egzaminasyon an plis entimite.
- Enfimyè lekòl la oswa yon lòt estaf Biwo sante lekòl ap rete avèk pitit ou a pandan tout konsiltasyon an.
- **Pou yo ka egzamine pitit ou a, y ap mande l pou l retire rad sou li**, ladan, kolan, ba, chosèt, souvètman tèmik, ak chemizèt. Elèv yo ap rete avèk souvètman yo sou yo, tankou soutyen ak kilòt/kalson epi y ap mete yon wòb pou konsiltasyon an.
- Yo P AP tchekejenital oswa “pati prive”, amwenske yon paran oswa responsab la anndan sal egzamen an.
- Doktè a P AP pran san ni li p ap bay vaksen. Egzamen an pa gen yon evalyasyon jeneral konpòtman ak devlòpman pitit ou a. Li enpòtan anpil pou mennen pitit ou a ka doktè li pou tcheke li pou evalyasyon sa yo chak ane.

**Si w gen lòt kesyon sou egzamen pou nouvo admisyon yo, tanpri pa ezite kontakte enfimyè lekòl ou a.**